Fason pou nou reziste devan tantasyon

JOZÈF — 1YE PATI

Enstriksyon: Fè egzèsis sa a kote ki pa gen bri. Pandan w ap li vèsè yo, imajine w ap patisipe nan sa k ap fèt la. Imajine sèn nan. Tande vwa yo. Eseye konprann santiman k ap travèse pèsonaj prensipal yo. Fè istwa a vin vivan.

Pèsonaj prensipal: Jozèf, madan Potifa.

Rezime: Jozèf reziste devan tantasyon pou l fè sèks ak madan Potifa.

1 *ANALIZE SÈN NAN. — LI JENÈZ 39:1-12.*

Di ki jan ou imajine kay Potifa a te ye, yon kay ki te enpresyonan. _____

_____

Ki jan ou imajine fizik Jozèf? (Men yon ti poul: Li vèsè 6 la ankò.) _____

_____

Nan vèsè 8 la ak vèsè 9 la, ki jan w santi vwa Jozèf te ye lè l t ap pale ak madan Potifa? _____

_____

2 *MEDITE PLIS TOUJOU.*

Ki sa k fè Jozèf te ka gen tantasyon pou l vyole prensip moral li genyen yo? (Men yon ti poul: Li Filipyen 2:12, epi reflechi sou sitiyasyon Jozèf. Pa egzanp, nan epòk la, ki kote fanmi Jozèf te ye ansanm ak lòt adoratè Jewova parèy li yo?)

_____

_____

Dapre ou menm, poukisa Jozèf te santi si l ta kouche ak madan Potifa li t ap peche kont Bondye, alòske nan epòk sa a Bondye potko bay lwa kont adiltè? (Men yon ti poul: Li vèsè ki annapre yo epi reflechi sou yo: Jenèz 2:24; 12:17, 18; Women 2:14, 15 ak Ebre 5:14.) _____

_____

_____

3 *APLIKE SA W SOT APRANN YO. EKRI SA W TE APRANN KONSÈNAN...*

... rapò ki genyen ant metriz ak respè yon moun gen pou tèt li.

... byenfè moun ki atache ak prensip moral Bondye yo ap jwenn.

... nesesite pou w antrene 'kapasite w genyen pou w konprann'. (Ebre 5:14.)

LÒT APLIKASYON OU KA FÈ.

Nan ki sitiyasyon nan lavi a ou ta ka pi deside pou w reziste devan tantasyon ou jwenn pou w fè imoralite seksyèl? (Men yon ti poul: Li vèsè ki annapre yo epi reflechi sou yo: Jòb 31:1; Sòm 119:37; Efezyen 5:3, 4.)

4 *KI SA K PLIS TOUCHE W NAN ISTWA SA A, E POUKISA?*

www.jw.org © 2011 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania